

TRANSCRIPTS OF ALL THE VIDEOS

[At the moment, this is just a collection of the transcripts as they appear in the lessons. As a result, a couple from the first chapter are missing, they are not set up in a fully consistent way, and some lack translations. Eventually this will be rectified.]

CHAPTER 1 WOLOF SOUNDS AND GREETINGS

Greetings 1 (Amadou ag Nuréyni)

Ch_01_Le_02_greet_1_men

Amadou: Salaamaa leekum!	Hello!
Noureyeni: Maaleekum salaam!	Hello!
Amadou: Nan nga def?	How are you?
Noureyeni: Màngi fi. Alhamdulilla!	I am fine. Thank God!
Amadou: Jàmm nga fanaane?	How did you sleep last night?
Noureyeni: Jàmm rekk, Alhamdulilla!	I slept well. Thank God!
Amadou: Jàmm nga am?	How are you?
Noureyeni: Jàmm rekk, Alhamdulilla!	I am fine. Thank God!
Amadou: Jàmm nga yendoo?	How has your day been?
Noureyeni: Jàmm rekk, Alhamdulilla!	It's fine. Thank God!
Amadou: Sa yaram jàmm?	How is your health?
Noureyeni: Jàmm rekk, Alhamdulilla!	It's fine. Thank God!
Amadou: Naka waa kër gë?	How is your family?
Noureyeni: Ñungë fë	They are well.
Amadou: Mbaa ???	
Noureyeni: Jàmm rekk, Alhamdulilla!	It's fine. Thank God!

Basic Introductions

Amadou: Sant wa?	What is your last name?
Noureyeni: Sy la	It is Sy.

Leave Taking

Amadou: Déwenati	“Happy holiday.”
Noureyeni: Fekkel déwën.	“Find the next one (in good health).”
Amadou: Ba beneen yoon	Until next time!

Noureyeni: Ba beneen yoon, in shalla!	Until next time, God willing!
Amadou: Nuyul ma waa kër gë	Greet your family for me!
Noureyeni: Di na ñu ko dégg, bu sobee Yàlla	I will pass on your greetings, if it pleases God.
Amadou: Ci jàmm	In peace!
Noureyeni: Jàmm ak jàmm	Peace and peace!
Amadou: Nanga yendoo jàmm	May you spend the day in peace!
Noureyeni: Jàmm ak jàmm	Peace and peace!
Amadou: Mbaa ñu ñelew bu baax.	May we spend a pleasant night.
Noureyeni: ???	

Greetings 2 (Jeynaba ag Maryem)

Ch_01_Le_02_greet_2_women

TO BE TRANSCRIBED

Greetings 3 (Amadou ag Nuréyni)

Ch_01_Le_02_greet_3_men

TO BE TRANSCRIBED

Greetings 2 (Jeynaba ag Maryem)

Ch_01_Le_02_greet_4_women

TO BE TRANSCRIBED

CHAPTER 2 IDENTIFYING PEOPLE AND OBJECTS

Identifying Things

Ch_02_Le_01_1_things

J: Lii lan la?	What is this?
M: Lii koppati la.	This is a cup.
J: Lii mbaxane la.	This is a hat.
M: Déédéét, lii koppati la.	No, this is a koppati.
J: Lii lan la.	What is this?
M: Lii mbaxane la.	This is an mbaxane.
J: Lii mbaxane la?	This is an mbaxane?
M: Waaw, lii mbaxane la.	Yes, this is an mbaxane.
J: Li nga sol nag, lan la?	What you are wearing, what is it?
M: lii tengaado la.	This is a tengaado (traditional hat).

J:	Lii tengaado la?	This is a tengaado?
M:	Waaw lii teengado la.	Yes, this is a tengaado.
J:	Lii lan la?	What is this?
M:	Lii tééré wolof la.	This is a Wolof book.
J:	Lii tééré wolof la?	This is a Wolof book?
M:	Waaw lii tééré wolof la.	Yes, this is a Wolof book.
J:	Lii nag?	And this?
M:	Lii këyit lë.	This is a (piece of) paper.
J:	Lii këyit lë?	This is a paper?
M:	Waaw, Lii këyit lë.	Yes, this is a paper.
J:	Lii lan la?	What is this?
M:	Lii tééré alxuraan la.	This is a Koran.
J:	Lii tééré alxuraan la?	This is a Koran?
M:	Waaw, moom it tééré alxuraan la.	Yes, it also is a Koran.
J:	Lii lan la nag?	And what is this?
M:	Lii tééré wolof la tamit.	This is a Wolof book also.
J:	Lii tééré Wolof la?	This is a Wolof book?
M:	Waaw... tééré wolof la.	Yes...it's a Wolof book.
J:	Lii lan la?	What is this?
M:	Lii sabar la.	This is a (small type of) drum.
J:	Lii sabar la?	This is a drum?
M:	Sabar la, waaw lii sabar la.	It's a drum, yes it's a drum.
J:	Lii nag?	And this?
M:	Lii ndës lë.	This is a mat.
J:	Lii ndës lë?	This is a mat?
M:	Waaw, lii ndës lë!	Yes, this is a mat.
M:	Lii lan la moom?	What is this?
J:	Lii? Sondeel la.	This? It's a candle.
M:	Sondeel la?	It's a candle?
J:	Waaw, sondeel la.	Yes, it's a candle.

Identifying Animals

Ch_02_Le_01_2_animals

Nuréyni:	Lii lan la?	What is this?
Tafa:	Lii gaynde la.	This is a lion
Nuréyni:	Lii nag?	And this?
Tafa:	Lii nag la.	This is a cow
N:	Lii lan la?	What is this?
T:	Lii xaj la.	This is a dog
N:	Lii segg la?	Is this a leopard?
T:	Déédéét, lii bukki la.	No, this is a hyena

- N: Lii nag? And this?
 T: Lii segg la. This is a leopard
- N: Lii lan la? What is this?
 T: Lii guy la. This is a baobab tree
- N: Lii lan la moom? What is this?
 T: Lii ñey la. This is an elephant
 N: Ñey? Elephant.
- T: Lii xaj la? Is this a dog?
 N: Waaw lii xaj la. Yes, this is a dog.
- T: Lii bukki lë? Is this a hyena?
 N: Déédéét, lii du bukki. No, this is not a hyena.
- T: Lii nag la? Is this a cow?
 N: Du nag, déédéét du nag. It is not a cow. No, it is not a cow
- T: Lii ñey la? Is this an elephant?
 N: Waaw, lii ñey la. Yes, this is an elephant
- T: Lii xaj la? Is this a dog?
 N: Déédéét, lii du xaj...Lii nag la. No, this is not a dog...This is a cow.
- T: Lii gaynde la? Is this a lion?
 N: Déédéét, lii du gaynde. No, this is not a lion.
 Lii xaj la. This is a dog.
- T: Lii bukki la? Is this a hyena?
 N: Déédéét, lii du bukki, ñey la. No, this is not a hyena, it's an elephant.
 Segg la. It's a leopard.
- T: Lii segg la. This is a leopard.
 N: Segg la, waaw. It's a leopard, yes.

Identification: Kitchen
 Ch_02_Le_01_3_kitchen

- J: Lii lan la? _____
 M: Lii paaka la. _____
 J: Lii paaka la? _____
 M: Déédéét, lii butéél la. _____
 J: Lii lan la? _____

- M: Lii kuddu gu mag la. _____
 J: Lii kuddu gu mag la? _____
 M: Déédéét, du kuddu gu mag. kopp la. _____
 J: Lii leket la? _____
 M: Déédéét, du leket, butéél lë. _____
 J: Lii nag, paaka la? _____
 M: Déédéét, du paaka, lii kuddu gu mag la. _____
- J: Lii kuddu gu mag la.? _____
 M: Déédéét, du kuddu gu mag, kuddu gu ndaw la. _____
- J: Lii kopp la? _____
 M: Waaw lii kopp la. _____
 J: Lii paaka bu mag la? _____
 M: Waaw, lii paaka bu mag la. _____

Fruit Identification

Ch_02_Le_01_4_fruit

- M: Lii ag lii lan lañu? _____
 J: Yii oraange lañu. _____
 M: Yii nag? _____
 J: Yii banaana lañu. _____
 M: Yii banaana lañu? _____
 J: Déédéét, yii du banaana, yii pom lañu. _____
 M: Yii nag, lan lañu? _____
 J: Yii kaani lañu . _____
 M: Lii kani la? _____
 J: Déédéét, lii du kaani, lii limoŋ la. _____
 M: Lii lan la? _____
 J: Lii xaal la. _____
 M: Yii xaal lañu? _____
 J: Déédéét yii du xaal, yii banaana lañu. _____
 M: Lii lan la? _____
 J: Lii pom la. _____
 M: Lii nag? _____
 J: Lii tamit pom la! _____
 M: Yii pom lañu? _____
 J: Déédéét lii du pom de, lii oraans la. _____

Personal Information

Ch_02_Le_03_1_who_is_this

M:	Kii kan la?	Who is this?
J:	Kii Mustafaa la.	This is Mustafa
M:	Kii kan la?	Who is this?
J:	Kii Usmaan la.	This is Usman
M:	Kii, fan la jógé?	This (person), where is he from?
J:	Kii Senegaal la jógé.	This one is from Senegal
M:	Kii nag, fan la jógé?	As for this one, where is he from?
J:	Kii tamit Senegaal la jógé	This one too is from Senegal
M:	Mustafaa fan la dëkk?	Mustapha, where does he live?
J:	Mustafaa, Los Angeles la dëkk.	Mustapha, he lives in Los Angeles
M:	Usmaan nag?	What about Usman?
J:	Usmaan San Francisco la dëkk	Usman, he lives in San Francisco
M:	Mustafaa lan lay liggéey?	Mustapha, what does he do for work?
J:	Mustafaa futbalkat la.	Mustapha, he is a soccer player
M:	Usmaan lan lay liggéey?	Usman, what does he do for work?
J:	Usmaan jàngalekat la.	Usman is a teacher.
M:	Ñii ñān lañu?	Who are these people?
J:	Ñii waa Senegaal lañu.	These people are Senegalese
M:	Fan lañu jógé?	Where do they come from?
J:	Ñii Senegaal lañu jógé.	The (people) come from Senegal
M:	Fan lañu dëkk?	Where do they live?
J:	Mustafaa Los Angeles la dëkk, wànte Usmaan San Francisco la dëkk.	Mustapha lives in Los Angeles but, Usman lives in San Francisco
M:	Mustafaa ag Usmaan lan lañuy liggéey?	Mustapha and Usman, what do they do for work?
J:	Mustafaa futbalkat la, Usmaan jàngalekat la	Mustapha is a soccer player, Usman is a teacher.

Introducing Onself

Ch_02_Le_03_2_introductions

Mustafaa laa tudd. Seen laa sant. Maangi jógé Ndar. Léégi Los Angeles laa dëkk.

Futbalkat laa.

Maryem laa tudd. Si laa sant. Senegaal laa jógé. Los Angeles laa dëkk, léttkat laa.

Man maay **Jeynaba**. Gay laa sant. Dakaar laa juddóó. Feniks laa dëkk. Toggkat laa.

Man maay **Usmaan**. Njaay laa sant. Senegaal la juddóó. San Francisco laa dëkk.

Jàngalekat laa

Locations Description

Ch_02_Le_04_1_loc_description

Ci _____ taabal bi am na sondeel ag kuddu cinwaar, ag kopp, ag kesen-kesen.

Ci _____ tabal ji am na leket ag kook. _____ taabal ji am na

lâmp. Ci _____ ñey bi am na ay mbaxane. _____ tabal ji amul lam.

Lam bi _____ kuddu cinwaar gi la nekk. Ci _____ kuddu

cinwaar gi am na sondeel. _____ kopp bi am na ay bindukaay.

Locations Q & A (1)

Ch_02_Le_04_1_loc_Q_and_A_1

TO BE TRANSCRIBED**Locations Q & A (2)**

Ch_02_Le_04_1_loc_Q_and_A_2

TO BE TRANSCRIBED**CHAPTER 3 'HAVE' AND PERFECTIVE SENTENCES****Have Descriptions I**

Ch_03_Le_01_1_have_desc_1

Kii Jeynaba la. Jeynaba am na musóór ag anaangoo ag sër. Jeynaba am na ceen itam ag lunet ag montar ag xalis. Am na satala ag tééré. Am na jaaro nopp itam. Jeynaba amul lam.

This is Jeynaba. Jeynaba has a headscarf, a fitted top, and a wrap skirt. Jeynaba has a (metal) necklace (or chain) also, and glasses, and a watch, and money. She has a kettle and a book. She has earrings also. Jeynaba doesn't have a bracelet.

Have Descriptions II

Ch_03_Le_01_1_have_desc_2

Kii mooy Mareem. Mareem amul musóór, amul lunet, amul jaaro nopp. Wànte Mareem am na caq, am na mariñeer ag sër. Mareem tamit am na montar. Mareem am na lam ag jaaro baaram. Mareem am na leket ag koog. Mareem am na dàll, Jeynaba tamit am na dall. Mareem amul xalis.

This is Mareem. Mareem doesn't have a headscarf, she doesn't have glasses, she doesn't have earrings. But Mareem has a necklace, a lose top, and a wrap skirt. Mareem also has a watch. Mareem has a bracelet, and a finger ring. Mareem has a calabash and a gourd spoon. Mareem has shoes. Jeynaba also has shoes. Mareem doesn't have money.

Have Q & A

Ch_03_Le_02_have_Q_A.

- | | | |
|----|--|--|
| M: | Am nga jaaro nopp? | Do you have earrings? |
| J: | Waaw am naa jaaro nopp.
Yow nag, am nga jaaro nopp? | Yes, I have earrings.
What about you, do you have earrings? |
| M: | Déédéét amuma jaaro nopp.
Yow am nga caq? | No, I don't have earrings.
Do you have a necklace? |
| J: | Déédéét amuma caq, man ceen laa am.
Yow yaa am caq. | No, I don't have a necklace.
It is you who has a necklace. |
| M: | Ñan ñoo am montar? | Who all have watches? |
| J: | Man ag yow ñoo am montar. | It is you and I who have watches. |
| M: | Lan moo nekk ci sa loxo? | What is in your hand? |
| J: | Sama lunet ñoo nekk ci sama loxo. | It is my glasses that are in my hand. |
| M: | Am nga dall? | Do you have shoes? |
| J: | Waawaaw am naa dall.
Yow tamit am nga dall | Yes indeed! I have shoes.
You also have shoes. |
| M: | Am nga lam? | Do you have a bracelet? |
| J: | Déédéét amuma lam. | No, I don't have a bracelet. |

- Mareem, am nga lam? Mareem, do you have a bracelet?
- M: Waawaaw, am naa lam
Ñan ñoo am dall? Yes indeed! I have a bracelet.
Who all have shoes?
- J: Mareem ag Jeynaba ñoo am dàll It's Mareem and Jeynaba who have shoes.
- M: Ñan ñoo am sër? Who all have wrap skirts?
- J: Ñun ñaar ñoo am sër. It is the two who have wrap skirts.
- M: Man am naa anaangoo? Me, do I have a fitted top?
- J: Déédéét man rekk maa am anaagoo. No, it's only I who have a fitting top.
Yow mariñeer nga am. You, it's a loose top that you have.
- M: Man am naa ceen? Do I have a chain?
- J: Deedeet yow amuloo ceen. No, you don't have a chain.
Man maa am ceen. It is I who have a chain.
Yow caq nga am. You, it is a necklace you have.
- M: Man am naa musóór? Do I have a headscarf?
- J: Man rekk maa am musoor. Only I have a headscarf.
Yow amuloo musóór. You don't have a headscarf.
- M: Ñun, am nañu satala? Do we have a kettle?
- J: Man am naa satala, wànte yow amuloo I have a kettle, but you don't have a kettle.
satala.
- M: Kan moo am leket Who has a calabash?
- J: Yow yaa am leket. It is you who have a calabash.
Man amuma leket I don't have a calabash.
- M: Am nga kook? Do you have a gourd spoon?
- J: Déédéét yow rekk yaa am kook, No, it is only you who have a gourd spoon.
Man amuma kook, I don't have a gourd spoon.

Actions 1 (Nuréyni Leaves)

Ch_03_Le_03_actions_1_N_leaves

N: Maangi ñëw dem ba beneen. I am going to leave till next time.
 Damay dem liggéeyi I am going to work.

M: Nuréyni taggoo na. Nureeyni said goodbye.

T: Waaw, kon ba beneen. Yes, till next time then.

N: Ba beneen in challaa. Till another time, Allah willing.

M: Tafa ubbi na bunt bi. Tafa opened the door.

Nuréyni génn në. Nuréyni went out.

Tafa téj në bunt bi. Tafa closed the door.

Actions 2 (Gàllay Visits)

Ch_03_Le_03_actions_2_G_visits

Narrator: Am na ku fëgg. There is someone who knocked.
 Tafa jóg në. Tafa got up.
 Ubbi në bunt bi. He opened the door.
 Gàllaay dugg në. Gàllay entered.

G: Salaamaalekum

T: Maalekumsalaam.

G: Na nga def?

T: Maa ngi fi rekk. Na nga def?

G: Jàmm rekk.

Narrator: Nuyóó nëñu. They greeted each other.

T: Toogal. Sit down.

Narrator: Gàllay toog na. Gàllay sat down.
 Tafa jox na Gàllaay ndox. Tafa gave Gàllay some water.
 Gàllaay naan na. Gàllaay drank.
 Teg na weer bi. He put the glass down.

Actions 3 (Description)

Ch_03_Le_03_actions_3_descriptions

Narrator: Jeynaba bind në bataaxal. Jël në surnaal bi. Jeynaba jàng na surnaal bi.
 Teg na surnaal bi. Jeynaba tëdd në ci taabal bi. Jeynaba mingiy nelaw.
 Jeynaba nelaw na.

Maryam: Jeynaba, jógël nu dem seetaani tele.

Narrator: Mareem yee na Jeynaba. Ñungiy dox dem ci saal bi.
 Mareem ag Jeynaba toog nañ ci saal. Mareem taal na telewisyon bi.
 Mareem ag Jeynaba ñungi seetaan telewisyon bi.
 Ñungi toog ci saal bi di seetaan telewisyon bi.

Actions 4 (Q & A)

Ch_03_Le_03_actions_4_Q_and_A

M: Kan moo bind bataaxal?	Who wrote a letter?
T: Jeynaba moo bind bataaxal.	Jeynaba wrote a letter.
M: Kan moo jàng surnaal?	Who read a newspaper?
T: jeynaba moo jàng surnaal.	Jeynaba read a newspaper.
M: Lan lë Jeynaba bind?	What has Jeynaba written?
T: Jeynaba bataaxal lë bind.	It is a letter that Jeynaba has written.
M: Lan la Jeynaba jàng?	What has Jeynaba read?
T: Jeynaba surnaal la jàng	It is a newspaper that Jeynaba has read.
M: Kan moo yee Jeynaba?	Who woke Jeynaba up?
T: Mareem moo yee Jeynaba.	Mareem woke Jeynaba up.
M: Kan moo taal tele bi?	Who turned the TV on?
T: Mareem moo taal tele bi.	Mareem turned the TV on.
M: Ñan ñoo dem ci saal bi?	Who (pl) went to the living room?
T: Mareem ag Jeynaba ñoo dox dem ci saal bi.	It is Mareem and Jeynaba who walked to the living room.
M: Ñan ñoo seetaan tele bi?	Who (pl) watched (the) TV?
T: Mareem ag Jeynaba ñoo seetaan tele bi.	It is Mareem and Jeynaba who watched (the) TV.
M: Mareem ag Jeynaba lan lañu seetaan?	What did Mareem and Jeynaba watch?
T: Mareem ag Jeynaba video lañu seetaan.	Mareem and Jeynaba, it is a videotape that they watched.

CHAPTER 4 NUMBERS AND COUNTING

Numbers (Counting)

Ch_04_Le_01_1_numbers

M: Ñaata kopp ñoo fi nekk?	How many cups are here?
N: Juróomi kopp ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróm.	There are five cups here One, two, three, four, five.
M: Léegi nag, ñaata kopp ñoo fi nekk?	How about now, how many cups are here?
N: Léegi juróm ñaari kopp ñoo fi nekk.	Now there are seven cups here.

Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn, juróóm ñaar.	One, two, three, four, five, six, seven.
M: Ñaata and ñoo fi nekk? N: Benn and moo fi nekk.	How many incense burners are here? There is one incense burner here.
M: Ñaata boyet ñoo fi nekk? N: Ñaari boyet ñoo fi nekk. Benn, ñaar.	How many boxes are here? There are two boxes here.
M: Ñaata sonndeel ñoo fi nekk? N: Ñeenti sonndeel ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett, ñeent.	How many candles are here? There are four candles here. One, two, three, four.
M: Ñaata soble ñoo fi nekk? N: Ñetti soble ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett.	How many onions are here? There are three onions here. One, two, three.
M: Ñaata kuddu ñoo fi nekk? N: Juróóm ñetti kuddu ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn, juróóm ñaar, juróóm ñett.	How many spoons are here? There are eight spoons here. One, two, three, four, five, six, seven, eight.
M: Léégi nag? N: Léégi juróóm ñeenti kuddu ñoo fi nekk.	How about now? Now there are nine spoons here.
M: Léégi nag? N: Léégi fukki kuddu ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn, juróóm ñaar, juróóm ñett, juróóm ñeent, fukk.	How about now? Now there are ten spoons here. One, two, three, four, five, six, seven, eight, nine, ten.
M: Ñaata kaani ñoo fi nekk? N: Juróóm benni kaani ñoo fi nekk. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn.	How many hot peppers are here? There are six hot peppers here. One, two, three, four, five, six.

Numbers (Adding)

Ch_04_Le_01_2_adding

M: Ñaari kopp ag ñaari kopp muy ñaata kopp? N: Muy ñeenti kopp. Benn, ñaar, ñett, ñeenti kopp yu weex. M: Ñetti kuddu ag ñeenti kuddu muy ñaata kuddu? N: Ñetti kuddu ag ñeenti kuddu muy juróóm ñaari kuddu. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn, juróóm ñaar. M: Ñetti soble ag juróóm benni kaani muy ñaata lujum?	
---	--

- N: Muy juróóm ñeenti lujum. Benn, ñaar, ñetti soble. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benni kaani.
- M: Ñaari sonndeel ag benn sonndeel muy ñaata sonndeel?
- N: Ñaari sonndeel ag benn sonndeel muy ñetti sonndeel. Benn, ñaar, ñett.
- M: Ñeenti sonndeel ag juróomi kopp muy ñaata?
- N: Juróomi kopp ag ñeenti sonndeel ag muy juróóm ñaari kopp ag sonndeel. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróomi kopp. Benn, ñaar, ñett, ñeenti sonndeel.
- M: Boo ko boole yëpp muy ñaata yëf?
- N: Muy juróóm ñeenti yëf boo leen boole. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm benn, juróóm ñaar, juróóm ñett, juróóm ñeent.
- M: Ñetti soble ag juróóm benni kaani muy ñaata lujum?
- N: Ñetti soble ag juróóm benni kaani muy [juróóm ñaari], jurróóm ñeenti lujum. Benn, ñaar, ñett, ñeent, juróóm, juróóm benn, juróóm ñaar, juróóm ñett, juróóm ñeent.

CHAPTER 5 DESCRIBING PEOPLE AND THINGS

Adjectives Things (I)

(Video Ch_05_Le_01_1_adj_things)

Cin li dafa wert.	The pot is green.
Boyet bi dafa xonq.	The box is red.
Kopp bi dafa ñuul.	The can is black.
Cin lii dafa buló.	This pot is blue.
Kuddu cinwaar gi dafa réy.	The ladle is big.
Caabi ji dafa tuuti.	The key is small.
Caabi jii dafa mag.	This key is big.
Rajo bi dafa ñuul.	The radio is black.
Muus mi dafa soon te weex.	The cat is yellow and white.
Tééré bi dafa soon.	The book is yellow.
Kopp yi dañu weex.	The cups are white.
Rajo bi ak kopp bi dañu ñuul.	The radio and the cup are black.
Baraada bi, ak boyet bi, ak kopp bi dañu xonq.	The little tea pot, the box, and the cup are red.
Kaani yii dañu xonq.	These peppers are red.
Banaana bi, ak pom yi dañu soon.	The banana and the apples are yellow.
Boyet bii ak cin li dañu buló.	This box and the pot are blue.
Sondeel bi ak tééré bi dañu soon.	The candle and the book are yellow.

Adjectives Things (II)

(Video Ch_05_Le_01_2_adj_things)

Lii gënn gu ndaw la.	This is a small mortar.
Cin li, cin lu màg la.	The pot is a big pot.
Cin lii, cin lu ndaw la.	This pot is a small pot.
Kopp bi kopp bu ndaw la.	The cup is a small cup.
Kopp bii, kopp bu rëy la.	This cup is a large cup.
Boyet bi dafa tuuti.	The box is small.
Boyet bii dafa rëy.	This box is big.
Kuddu cinwaar gi dafa mag.	The ladle is big.
Kuddu gi, kuddu gu ndaw la.	The spoon is a small spoon.
Sondeel bii, sondeel bu soon la.	This candle is a yellow candle.
Sondeel bii, sondeel bu weex la.	This candle is a white candle.
Kopp yii, kopp yu weex lañu.	These cups are white cups.
Kopp bii, kopp bu wert la.	This cup is a green cup.
Caabi ji, caabi bu ndaw la.	The key is a small key.
Caabi jii, caabi bu mag la.	This key is a large key.

Adjectives Things (Q & A)

(Video Ch_05_Le_02_3_adj_things_QA)

M:	Boyet bu xonq bi fan la nekk?
N:	Boyet bu xonq bi mungi nii.
M:	Kopp bu xonq bi nag?
N:	Kopp bu xonq bi mungi ci kow boyet bu bulo.
M:	Ubbil cin lu bulo li.
N:	(Nureyni opens the blue pot.)
M:	Tëjël cin lu bulo li.
N:	(Nureyni closes the blue pot.)
M:	Ana kopp bu ñuul bi?
N:	Kopp bu ñuul bi mungi ci kaw rajo bu ñuul bi.
M:	Génnéél kuur gi ci gënn gu ndaw gi.
N:	(Nureyni takes the pestle from the small mortar.)

- M: Jel ko.
N: (Nureyni puts the pestle back into the mortar.)
- M: Kopp yii dañu xonq?
N: Kopp yi dañu weex.
- M: Ana banana bi?
N: Banana bi mungi si diggante pom yi.
- M: Banaana bi dafa bulo?
N: Banaana bi dafa *jaune* (= soon).
- M: Kuddu cinwaar gi fan la nekk?
N: Kuddu cinwaar gi mungi si suufu kuddu bu ndaw bi.
- M: Ana amdu wi?
N: Amdu wàngi ni (= amdu wi angi ni).
- M: Ci ginnaaw lan la nekk?
N: Ci ginnaaw boyet bu xonq la nekk.
- M: Tekkil kopp bu ñuul bi ci kaw rajo bi.
N: (Nureyni takes the black cup from on the top of the radio.)
- M: Tek ko ci wetu sondeel bu soon bi.
N: (Nuryeni puts the cup beside the yellow candle.)
- M: Jëlal cin lu ndaw li. Teg ko ci kaw *livre* bu *jaune* bi.
N: (Nureyni puts the small pot on top of the yellow book.)
- M: Boyet bu bulo bi fan la nekk?
N: Boyet bu bulo bi mungi si suufu kopp bu xonq bu ndaw bi.
- M: Cin lu mag li nag, fan la nekk?
N: Cin lu mag li mungi si diggante rajo bi ag gënn gi.
- M: Ana kopp bu wert bi?
N: Kopp bu wert bi mungi si wetu oraans bi.
- M: Boyet bii boyet bu mag la?
N: Déédéét, boyet bii boyet bu ndaw la.
- M: Ana boyet bu mag bi?
N: Boyet bu mag mungi nii, ci wetu, bu bulo.

M: Sondeel bu weex bi dafa tuuti?
N: Sondeel bu weex sondeel bu mag la.

M: Cin lu wert li nag cin lu mag la?
N: Déédéét cin lu wert cin lu ndaw la.

Adjectives (People-Description 1)

(Video Ch_05_Le_02_4_adj_people)

Jàñq bu xees bi, Ajaa lë tudd. Ajaa dafa njool te sew. Ajaa sol na mbubb mu ñuul ag dàll yu doore, te yore saag bu weex. Musóóru Ajaa dafa beige te am lu ñuul. Beneen jàñq bi Zéynaa la tudd. Zéynaa dafa xeereer, sew, te njool. Zéynaa takk na jaaro yu réy, sol dàll yu gàtt te yore saag bu maroon. Sippu Zéynaa dafa buló te am yu maroon. Jaaro Ajaa dañu ndaw. Óówu Zéynaa dafa ñuul te giri. Séru Ajaa dafa ñuul. Mbubbu Aja dafa ñuul, am yu weert ag yu róós.

Adjectives (People-Description 2)

(Video Ch_05_Le_02_5_adj_people)

Góór gii, Nuréyni lë tudd. Nuréyni dëfë ñuul te njool. Nuréyni sol na turki bu baxa ag tubéy ju baxa. Maraakisi Nuréyni dañu soon.

Adjectives People Q & A

(Video Ch_05_Le_03_adj_people_QA)

A: Zéynaa, dàllu Nuréyni dafa ñuul? Zéynaa, are Nuréyni's shoes black?
Z: Déédéét, dàllu Nuréyni dafa soon. No, Nuréyni's shoes are yellow.

A: Yéré Nuréyni dafa weex? Is Nuréyni's shirt white?
Z: Déédéét, yéré Nuréyni dafa buló. No, Nuréyni's shirt is yellow.

A: Sa saag ag sama saag (between) your bag and my bag
 ban moo gënë mag? which is bigger?
Z: Sa saag moo gënë mag. Your bag is bigger.

N: Saagu Ajaa bi nu mu mel? What does Ajaa's bag look like?
Z: Saagu Ajaa bi dafa weex. Ajaa's bag is white.

N: Sa bos nag, nu muu mel? What about yours, what is it like?
Z: Sama bos dafa maroon. Mine is brown.

N: Ajaa, musóórëm bi nu mu mel? Ajaa, what is her headwrap like?

- Z: Musóórēm bi dafa beige ag ñuul. Her headwrap is beige and black.
- N: Juppam bi mu sol nag? What about her skirt she's wearing?
Sër lë. Sër bi mu sol? It's a wrapskirt. The wrap skirt she's wearing?
- Z: Dëfë ñuul. It's black
- N: Ajaa, juppu Zéynaa bi nu mu mel? Ajaa, what is Zéynaa's skirt like?
A: Dëfë buló. It's blue.
- N: Yéré bi mu sol nag? What about the piece of clothing she's wearing?
Óó bi? The top?
A: Óó bi dëfë ñuul, am lu giri. The top is black and has some grey.
- N: Sa jaaro ag jaaro Zéynaa (between) your (pair of) earrings and Zéynaa's
ban moo ëpp? (pair of) earrings
which is bigger?
- A: Jaaro Zéynaa moo ëpp Zéynaa's (pair of) earrings is bigger
sama jaaro. than my (pair of) earrings.
- A: Zéynaa, sa dàll dafa gàtt walla Zéynaa, is your (pair of) shoes high or
dafa gudd? low?
Z: Sama dàll dafa gàtt. My (pair of) shoes is low.
- Z: Ajaa, sa dàll dafa beige? Ajaa, is your (pair of) shoes beige?
A: Dafa doore. It's gold.
- A: Sa dàll ag sama dàll, (between) your (pair of) shoes and my (pair
of) shoes
ban moo gënë kawé? which is higher?
Z: Sa dàll moo gënë kawé. Your (pair of) shoes is higher.
- Z: Ajaa, man ag yow ku gënë xees? Ajaa, you and I who is lighter of skin?
A: Man maa la gënë xees. I am lighter of skin.
- A: Nuréyni nu mu mel? What does Nuréyni look like?
Z: Moom dafa njool, ñuul. Him, he is tall, dark.
- N: Zéynaa moom nu mel? Zéynaa, what does she look like?
A: Zéynaa dafa xeereer. Zéynaa is brown-skinned.
- Z: Yow ag Tonton Nuréyni ku gënë njool? You and Uncle Nuréyni, who is taller?
A: Nuréyni moo më gene njool. Nuréyni is taller than me.
- N: Ajaa man maa ko sut. Ajaa, I'm taller than her
- N: Yow danga sew walla danga am yaram? Are you thin or heavy set (lit. have body)?

- Z: Dama sew. I am thin.
- N: Te njool? And tall?
Z: Te njool. And tall.
- N: Yow ag Ajaa ku sut? You and ajaa who is taller?
Z: Ñoo xawa tolloo. We are about the same height.
- N: Waaw, dafa mel ni yééna tolloo. Yes, it looks like you are the same height.
Ajaa moo lë sut tuuti. Ajaa is a little bit taller.
Yow danga xeereer, Ajaa dafa xees. You are brown-skinned, Ajaa is light-skinned.
Z: Waaw. Yes.
- N: Seen saag yi ban moo si ëpp? Your bags, which is bigger?
A: Sama saag moo ëpp saagam. My bag is bigger than her bag.